



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: **A-170**

Sijè: **SÈVIS ENSTRIKSYON ADOMISIL**

Kategori: **ELÈV**

Pibliye: **25 out 2016**

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a modifye ak ranplase Règleman Chanselye (Chancellor's Regulation, CR) A-170 ki gen dat 5 out 2009.

Chanjman:

- Yo fè mizajou Fòm Rekòmandasyon Sèvis Enstriksyon Adomisil (The Home Instruction Referral Form) (Atachman No. 1).
- Yo fè mizajou Demand Medikal pou doktè k ap trete malad la ranpli (Atachman No.2)



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: A-170

Sijè: SÈVIS ENSTRIKSYON ADOMISIL

Kategori: ELÈV

Pibliye: 25 out 2016

REZIME

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-170 ki gen dat 5 out 2009. Li tabli kritè elijibilite, pwosesis aplikasyon ak anpil responsablite ak egzijans pou pwovizyon sèvis edikasyon pou elèv ki pa kapab jwenn akomodasyon nan yon lekòl regilye paske yo genyen yon kondisyon medikal/fizik oswa yon gwo andikap emosyonèl/sikolojik/konpòtman.

I. ENTWODIKSYON

A. Dapre Seksyon 200.6 ak 175.21 Règleman Komisyonè Edikasyon Leta Nouyòk, Sèvis Enstriksyon Adomisil nan Vil Nouyòk ap bay sèvis edikasyon pou elèv ki pa kapab jwenn akomodasyon nan yon lekòl regilye paske yo genyen yon kondisyon medikal/fizik oswa yon gwo andikap emosyonèl/sikolojik/konpòtman epi/oswa pitit elèv la yon kondisyon medikal/fizik ki entèdi prezans li la nan lekòl la. Règleman sa a pa aplikab pou elèv ki rete lakay yo paske paran yo vle yo aprann lakay yo olye y ale nan lekòl.

B. Nan kèk sikonstans espesyal epi dapre pwosedi estanda yo, elèv ki gen laj pou ale lekòl piblik, elèv lekòl prive oswa elèv ki nan lekòl pawas yo ki abite nan Vil Nouyòk ka chèche otorizasyon pou ale nan Depatman Edikasyon pou resevwa enstriksyon adomisil. Nan kèk ka, Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP) ka rekòmande pou yon timoun ki genyen yon andikap ka resevwa enstriksyon adomisil. Si demand pou enstriksyon adomisil la apwouve, yon pwofesè lekòl piblik Vil Nouyòk oswa plis pwofesè ap bay enstriksyon adomisil la nan kay elèv la, oswa yon lòt kote ki pa nan yon lokal lekòl.

II. DEMAND JENERAL POU OTORIZASYON ENSTRIKSYON ADOMISIL DAPRE DEPATMAN EDIKASYON

A. Elèv la dwe se yon rezidan Vil Nouyòk ant 4.9 ak 21 lane ki poko gradye ak/oswa genyen yon diploma nan yon lekòl segondè piblik, prive, oswa ki ale lekòl segondè nan yon pawas.

- B. Elèv la dwe genyen yon kondisyon ki fè li tanporèman pa kapab ale lekòl abityèl li pou yon tan ki ka dire omwen kat semèn. Kondisyon sa a genyen ladan: 1) kondisyon medikal/fizik 2) kondisyon gwo pwoblèm sikyatri oswa 3) yon kondisyon medikal/fizik ki afekte pitit elèv la nan anpeche l itilize LYFE oswa lòt sèvis day care. Nan ka sa yo, elèv ki genyen oswa ki pa genyen andikap dwe ale nan lekòl yo te mete yo anvan an jiskaske ti tan l bezwen pou enstriksyon adomisil la pa egziste ankò..
- C. Demand pou Enstriksyon Adomisil la pou kondisyon medikal/fizik pou elèv la oswa pitit elèv la dwe akonpaye avèk Fòm Rekòmandasyon pou Enstriksyon Adomisil la (Atachman No.1), Fòm Demand Medikal (Atachman No.2) epi yon demand pou doktè nan yon papye antèt ofisyèl ki genyen ladan dyagnostik la ak konbyen tan kondisyon sa ap pran. Yo dwe soumèt rekòmandasyon sa yo dirèkteman bay biwo enstriksyon adomisil apwopriye a ki se Biwo Borough pou Enstriksyon Adomisil (Borough Office of Home Instruction).
- D. Demand pou Enstriksyon Adomisil pou pwoblèm sikyatrik grav dwe genyen ladan l yon Fòm Rekòmandasyon pou Enstriksyon Adomisil (Atachman No.1) ki byen ranpli, Fòm Demand Medikal (Atachman No.2) epi yon demand pou yon doktè sikyat ki sou papye ak antèt ofisyèl ki akonpaye avèk dyagnostik la, rezon ki fè elèv la pa kapab ale lekòl, ak dat yo prevwa ke elèv la ka retounen lekòl. Yo dwe soumèt rekòmandasyon sa yo dirèkteman bay biwo enstriksyon adomisil apwopriye a Borough Office of Home Instruction.
- E. Ekip enpòtan IEP ka rekòmande Enstriksyon Adomisil *Home instruction* pou elèv ki gen andikap oswa yon pwoblèm medikal oswa sikolojik ki anpeche l ale nan yon lekòl piblik oswa prive pou yon peryòd ase long (paegzanp, ennan oswa plis). Anvan yo rekòmande pou enstriksyon adomisil tankou jan Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP) elèv la mande a, Ekip IEP a dwe gade rekòmandasyon pou enskripsyon an DOHMH oswa doktè DOE a oswa doktè sikyat DOE a te soumèt la dapre evalyasyon dokiman yo ke paran ak founisè sèvis medikal elèv yo.
- F. Ekip enpòtan IEP ka rekòmande Enstriksyon Adomisil pou elèv ki genyen andikap epi k ap tann pou yo mete yo nan yon anviwonman espesyal, yon lekòl prive SED apwouve oswa yon anviwonman rezidansyèl epi ki pa kapab rete nan eta aktyèl avèk èd siplemantè ak sèvis pandan CSE ap okipe l pou plase yo.
- G. Yo ka pwograme Enstriksyon Adomisil la swa pandan moman lekòl regilye swa apre lekòl. Timoun ki nan laj lekòl presegondè ap resevwa enstriksyon pou yon tan minimòm 5 èdtan chak semèn, 1 èdtan chak jou pito. Elèv ki nan laj lekòl segondè ap resevwa anviwon 10 èdtan enstriksyon pou piti tankou 2 èdtan chak jou pito.

III. PWOSIS OTORIZASYON POU ENSTRIKSYON ADOMISIL

- A. Lekòl yo dwe kenbe kontak regilye avèk elèv la ak fanmi li pandan y ap egzamine demand enstriksyon adomisil la. Yo dwe voye devwamezon kay elèv la pandan y ap detèmine si yo pral bay enstriksyon adomisil.
- B. Lè Borough Office of Home Instruction fini resevwa Fòm Rekòmandasyon pou Enstriksyon Adomisil, Fòm Demand Medikal, ak Lèt doktè/sikyat la, yon DOHMH oswa doktè DOE oswa sikyat DOE ap etidye demand la.
1. Si demand la apwouve, Biwo Borough pou Enstriksyon Adomisil la pral kontakte lekòl yo rekòmande an ak fanmi/elèv la dirèkteman pou pwograme kòmansman sèvis la. Si demand la pa apwouve, Biwo Borough a pral kontakte lekòl yo rekòmande a ak Komite sou Biwo Edikasyon Espesyal la nan telefòn plis alekri.
 2. Lekòl yo rekòmande a dwe enfòm imedyatman elèv la ak paran ke demand pou enstriksyon adomisil la pa te apwouve. Yo dwe fè anpil efò pou elèv la retounen nan lekòl abityèl li imedyatman.
- C. Pou elèv ki gen andikap yo, CSE pral òganize yon reyinyon Evalyasyon Anyèl avèk pwofesè edikasyon jeneral ak espesyal nan lekòl kote timoun la afilye a ansanm avèk pwofesè enstriksyon adomisil la.

IV. EGZIJANS POU SÈVIS ENSTRIKSYON ADOMISIL OTORIZE

- A. Sistèm ATS la dwe montre ke yo te apwouve ak aksepte elèv la pou Enstriksyon Adomisil. Yo bay chak biwo Borough Office pwòp nimewo yo lekòl borough ak distri.
1. Lekòl piblik Vil Nouyòk ke timoun nan te ale anvan pral resevwa yon avi pou transfè. Lekòl la pral kontinye nan konfime transfè an avèk kòd 00 pou “ale nan yon lòt Lekòl Piblik Vil Nouyòk”
 2. Lekòl prive oswa pawasyal dwe resevwa konfimasyon admisyon alekri pou Enstriksyon Adomisil anvan yo ranwaye elèv yo. Biwo Borough a pral bay konfimasyon an alekri.
- B. Elèv yo apwouve pou Enstriksyon Adomisil dwe afilye avèk Lekòl Vil Nouyòk. Pou elèv lekòl nan Vil Nouyòk, lekòl sa a se lekòl piblik ke elèv la ta ka ale nòmalman. Pou elèv ki ale nan lekòl prive oswa lekòl pawasyal, lekòl sa a se lekòl prive oswa pawasyal ke timoun la ta prale nòmalman. Se tou lekòl ke elèv la pral retounen aprè Enstriksyon Adomisil la rive nan fen.
1. Lekòl ki afilye a ap apwouve kou yo, kenbe dosye akademik, kredi ak nòt egzamen epi bay pwofesè Enstriksyon Adomisil la aksè nan kourikoulòm lekòl la ak tèks yo mande yo. Lekòl la kenbe tou dosye sante ak vaksen elèv la, bay diplòm epi sipèvize estanda evalyasyon ak tèks, si posib.

2. Yo espere ke Elèv yo pran nan Enstriksyon Adomisil ap rankontre menm kritè akademik yo prezante nan estanda pwomosyon pou chak klas, epi yo espere ke elèv ki genyen andikap ap satisfè kriterya sa yo nan IEP yo.

C. Yo pral bay yon pwofesè Enstriksyon Adomisil nan Biwo Borough pou Enstriksyon Adomisil la aprè apwobasyon otorite ki te otorize sèvis la. Pwofesè Enstriksyon Adomisil la ap kenbe yon relasyon kolaborasyon ak kowoperasyon avèk lekòl afilye an pou asire yon pwogram enstriksyon kalite pandan enskripsyon nan Enstriksyon Adomisil.

D. Pou enstriksyon ke y ap bay lakay elèv la, yo mande pou yon adilt sipèvizè pandan tout sesyon Enstriksyon Adomisil la. Pou elèv ke kondisyon medikal/fizik yo mande enstriksyon adomisil, yon adilt ki pa paran elèv la, dwe responsab pou pran swen ak sipèvizyon timoun la pandan sesyon Enstriksyon adomisil yo.

V. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, voye yo bay:

Direktris

Home Instruction School Office

Depatman edikasyon Vil Nouyòk

3450 East Tremont Avenue

Bronx, NY 10465

Telefòn: 718-794-7200

Faks: 718-794-7232

Yo dwe adrese Kesyon konsènan règleman Enstriksyon Adomisil, pratik ak pwosedi pou Sipèvizè Biwo Borough Enstriksyon Adomisil la jan yo site yo pi ba a:

Bronx Home Instruction

(75-X-502)

470 Jackson Avenue, Room 112

Bronx, NY 10455

Telefòn: (718) 742-0972

Faks: (718) 742-1792

Staten Island & D 20 Home Instruction

(75-K-503)

360 36th Street, Room 301

Brooklyn, NY 11232

Telefòn: (718) 499-2794

Faks: (718) 499-4009

Brooklyn Home Instruction

(75-K-503)

360 36th Street

Brooklyn, NY 11232

Room 318 – D 15, 17, 19, 21, 23

Telefòn: (718) 369-5523

Faks: (718) 369-5524

Room 302 – D 13, 14, 16, 18, 22, 32

Telefòn: (718) 369-5550

Faks: (718) 499-2305

Manhattan Home Instruction

(75-M-501)

250 West Houston Street, Room 212

New York, NY 10014

Telefòn: (646) 486-3557

Faks: (646) 486-3556

Queens Home Instruction

(75-Q-504)

142-10 Linden Blvd, Room 228

Jamaica, NY 11436

Telefòn: (718) 558-2040

Faks: (718) 529- 0292

FORMULAIRE D'ORIENTATION À L'ENSEIGNEMENT À DOMICILE

SYSTÈME SCOLAIRE D'ENSEIGNEMENT À DOMICILE	3450 East Tremont Avenue Bronx, New York 10465 Ramona Pizarro, Chef d'établissement	Téléphone 718-794-7200	Fax Secrétariat : 718-794-7232 Orientation : 718-794-7237 Assiduité : 718-794-7205
---	--	---------------------------	---

Bureaux de l'enseignement à domicile (Sélectionnez un) :

<input type="checkbox"/> Bronx 470 Jackson Avenue Salle 112 Bronx, NY 10455 (T) 718-742-0972 (F) 718-742-1792	<input type="checkbox"/> Brooklyn 360 36 th Street Brooklyn, NY 11232 Room 318 – D 15, 17, 19, 21, 23 (T) 718-369-5523 (F) 718-369-5524 Room 302 – D 13, 14, 16, 18, 22, 32 (T) 718-369-5550 (F) 718-499-2305	<input type="checkbox"/> Manhattan 250 West Houston Street Salle 212 New York, NY 10014 (T) 646-486-3557 (F) 646-486-3556	<input type="checkbox"/> Queens 142-10 Linden Blvd Salle 228 Jamaica, NY 11436 (T) 718-558-2040 (F) 718-529-0292	<input type="checkbox"/> Staten Island & D 20 360 36 th Street Brooklyn, NY 11232 Salle 301 (T) 718-499-2794 (F) 718-499-4009
---	---	---	--	---

Superviseur	Date
-------------	------

Nom de l'élève (Nom de famille, prénom)	Date de naissance	N° OSIS
---	-------------------	---------

Adresse du domicile

District du domicile	(DBN) de l'école
----------------------	------------------

COORDONNÉES DU MÉDECIN

Médecin ayant rempli la demande médicale	Numéro du bureau	Poste
--	------------------	-------

Téléphone portable	Pager	E-mail
--------------------	-------	--------

DEMANDE D'INSTRUCTION À DOMICILE INITIÉE PAR

Parent
 École
 Cabinet médical
 Autre _____

- Demande initiale d'enseignement à domicile
- Actuellement en enseignement à domicile à partir du _____ et demandant la continuation
- Initialement approuvée par le Bureau de la Santé scolaire
- Demande approuvée pour l'enseignement à domicile reposant sur _____
- Précédemment en enseignement à domicile à partir du _____ jusqu'au __, étant retourné à l'école
- Nombre de demandes précédentes d'enseignement à domicile _____
- Enseignement à domicile dispensé _____ fois

Commentaires du Superviseur

DEMANDE MÉDICALE POUR L'INSTRUCTION À DOMICILE
(À remplir par le médecin traitant et/ou le psychiatre de l'élève)

Nom de l'élève (Nom de famille, prénom) : _____ Date de naissance : _____

Est sous ma responsabilité pour les éléments suivants (Diagnostic) : _____

L'enseignement à domicile fournit 5 heures d'instruction par semaine pour les grades K-6 et 10 heures par semaine pour les grades 7-12

Veillez fournir des informations détaillées et spécifiques précisant les limitations de l'élève afin d'informer le Département de l'Éducation sur la nécessité des services d'enseignement à domicile. Joignez des documents supplémentaires selon les besoins.

Je demande par la présente que cet enfant reçoive de l'instruction à domicile à cause des limitations citées ci-dessus dues à ce(s) diagnostic ou diagnostics qui empêchent cet enfant de fréquenter l'école

Cette demande repose sur : la demande parentale mon opinion professionnelle autre : _____

Je demande que l'enseignement à domicile soit dispensé pendant _____ semaines (pas moins de 4 semaines)

Nom du praticien (en majuscules): _____ Diplôme : _____

Signature originale du praticien : _____ Licence : _____

COORDONNÉES

N° de téléphone _____ Poste _____ E-mail _____

N° du téléphone portable _____ N° du pager _____

Horaires où je suis joignable : Lun _____ Mar _____ Mer _____ Jeu _____ Ven _____

Médecin traitant ou chercheur Psychiatre Infirmier praticien Chirurgien buccal Podologue

Autre _____ **NOTE : Les résidents n'ont pas l'autorisation de remplir ce formulaire.**

Tampon du praticien :

Toutes les recommandations (referrals) doivent être envoyées au bureau du borough adéquat :

Bronx

470 Jackson Avenue; Room 112

Bronx, NY 10455

(T) 718-742-0972

(F) 718-742-1792

Brooklyn

360 36 Street
Brooklyn, NY 11232
Room 308

(T) 718-369-5523

(F) 718-369-5524

Room 317

(T) 718-499-2794

(F) 718-499-4009

Manhattan

250 West Houston Street; Room 212

(T) 646-486-3557

(F) 646-486-3556

Queens

142-10 Linden Boulevard; Room 228

Jamaica, NY 11436

(T) 718-558-2040

(F) 718-529-0292

Staten Island

360 36 Street; Room 301

Brooklyn, NY 11232

(T) 718-369-5550

(F) 718-499-2305